

	<p>Statewide Parent Advocacy Network 35 Halsey Street Newark, NJ 07102 (800) 654-SPAN (7726) www.spannj.org <i>Empowered Parents: Educated, Engaged, Effective!</i></p>
---	--

Rezime “Tranzisyon” Swen Sante pou Jèn avèk Bezwèn Espesyal

Si pitit ou a gen yon pedyàt, lè li gen laj majè l'ap bezwen chanje doktè. L'ap bezwen yon doktè ki antrene pou pran trete adilt. Tranzisyon sa kapab difisil. Men antanke paran, ou dwe kontinye plede pou pitit ou a, anmenm tan an tou, ou dwe montre pitit ou a kijan pou li plede pou poutèt pa li, ki gen ladann fason pou timounnan pale ak doktè yo (Gade video Talk to your Doctor nan <http://hctransitions.ichp.edu/gladd/>.)

Fè planifikasyon davans, aprann ki sa pou ou fè pou ou rete an sante, chèche gen yon doktè ak bon sipo, tout bagay sa yo ap rann tranzisyon ak viv nan kominote a pi fasil. Li enpòtan pou ou kòmanse aplike pou sèvis ak pwogram pou adilt plizyè mwa avan timoun lan gen 18 tan. Kenbe kopi dokiman ki enpòtan yo, tankou dosye medikal, papye lekòl ak Plan Edikasyon Endivididyèl (IEP), etc. paske yo ka mande'w pou ou bay yo lè w'ap aplike pou sèvis pou moun ki gen laj majè. An jeneral, le'w aplike pou kenpòt sèvis ak pwogram, sonje pou'w ekri non ak kontak moun ki asiste'w la, epi kenbe kopi aplikasyon an. Lè w'ap voye dokiman enpòtan ale pa lapòs, itilize yon "Return Receipt" metòd epi tcheke detanzan, paske ou gen pou ou resevwa yon lèt pou enfòme'w si pitit ou a kalifye pou sèvis ak ki dat sèvis la gen pou'l kòmanse si'l kalifye.

Men kèk pwogram ak sèvis ke ou menm avèk pitit ou ka chwazi pou nou diskite ansanm lè n'ap fè planifikasyon nan laj majè. Men kèk sijesyon pou tranzition pou swen adilt.

Asirans Medikal pa mwayen Travay ou: Si pitit ou gen yon andikap developman, e li kouvri anba plan sante fanmiy ou, mande patwon w oubyen konpayi asirans konsènan yon fòm ki rele "Certification of Disability for the Handicapped Provision". Dispozisyon sa ka pèmèt ou kontinye gen asirans lè li gen laj majè nan menm pri a osi lontan ke'w kontinye travay pou menm anplwayè a. Gen kèk kritè ki gendwa aplike, tankou enkapasite pitit ou, ki fè li pa ka travay poukout li, laj ak sitiyasyon depandann li nan peryòd ou te rampli aplikasyon, epi si yo enskri nan plan asirans medikal ou. Epi, mande anplwayè ou si yo ofri plan dantè, vizyon, ak pwoteksyon preskripsyon separe, paske ou gendwa bezwen pou aplike pou chak separeman.

Yon lòt resous enpotan se yon règleman federal ki rele Consolidated Omnibus Budget Reconciliation Act (COBRA). Règleman sa egzije ke yo bay paran yo opsyon pou yo kite timoun yo sou asirans yo, si yo peye pri konplè pou pwoteksyon an. Sepandan, si pitit ou a gen yon andikap pèmanan, li posib pou ou kontinye kite li sou asirans ou san pri siplémentè toutotan ou bay fòm ke yo mande w la a lè.

Swa pitit ou a gen yon bezwen espesyal oubyen yon andikap, gen asirans ki disponib nan NJ pou timoun ki nan laj majè pa mwayen lwa Dependent Under 31 (DU31) lan. DU31 a pèmèt jèn granmoun pou yo kontinye gen asirans oubyen pou li vinn jwenn asirans anba yon gwoup plan pou paran ki gen timoun ki gen laj majè jiske yo gen 31 tan. Gen kèk restriksyon ki gen dwa aplike. Pou plis enfòmasyon sou plan sante nan NJ silvouplè vizite: http://www.state.nj.us/dobi/division_consumers/index.htm.

Sekirite Sosyal/Medicare/Medicaid: *Supplemental Security Income (SSI)* se yon pwogram federal ki bay moun ki nan nesesite lajan chak mwa. SSI se pou mou ki gen 65 an oubyen pi gran pase sa, li pou moun ki avèg ak tout moun ki infim, menm timoun tou. Pou kalifye pou sèvis sa ou sipoze pa gen lajan oubyen posede yon tikras kòb ak kèk atou. Sa vle di ke tout sa ke ou posede pa vo plis ke \$2,000 si ou selibatè, oubyen \$3,000 si ou marye. Valè kay ou a pa konte. Dabitib, valè machin ou pa konte. Osi, valè kèk resous ou genyen, tankou kòb antèman, pa konte. Pou ou resevwa SSI, ou sipoze aplike pou kenpòt benefis leta ke ou gendwa kalifye pou ou resevwa, ou sipoze viv ozetazini, e si tout fwa ou pa yon sitizenn ameriken, men si ou se yon rezidan legal ozetazini, ou ka toujou kalifye pou SSI. Si yon timoun ki nan laj majè te aplike pou SSI avan e yo te refize'l, depann de kantite kòb li genyen(pa kòb paran li) li ka aplike ankò. Pou plis enfòmasyon sou SSI ou ka rele 1-800-772-1213. Medicare se yon lòt pwogram swen sante federal pou moun ki gen 65 an oswa plis, kèk moun ki enfim ki gen mwens ke 65 an, ak moun ki nan Staj Final Maladi Ren(End-Stage Renal Disease). Pou plis enfòmasyon sou SSI, Medicare ak Maladi Ren ou ka rele (800)772-1213.

Pwosesis aplikasyon SSI la pral mande pou ou ranpli fòm, pou ou soumèt dokiman medikal ak finansye, e li posib pou ale vizite biwo Sekirite Sosyal lokal ou a. Si ou gen yon timoun ki gen bezwen konplèks, mande enfòmasyon sou "presumptive eligibility" nan biwo sekirite sosyal lokal ou a. Ou ka twouve li pi fasil pou ou tchetke estati yon aplikasyon pa telefòn olye ke nan fe vizit nan biwo Sekirite Sosyal detanzantan. Anplis, le ou rele biwo Sekirite Sosyal la mande yo pou yo fe yon lis de tout dokiman yo bezwen pou voye ba yo lapòs, paske sa ka rann li pi fasil pou ou fe yon lis de tout doktè oubyen spesyalis ke pitit ou ap swiv konnye a ak istwa medikal li avèk yo, osi ou ka kontinye voye enfòmasyon ba yo lè yo bezwen. Si ou kalifye pou SSI, li ka pran plizyè mwa pou resevwa benefis yo. Ou kapab kalifye pou ou resevwa asistans medikal tou (Medicaid). W'ap resevwa yon lèt separe ki fè'w konnen ke'w kalifye ak yon kat NJ Medicaid. NJ Medicaid se yon pwogram leta. Si ou gen kesyon sou Medicaid rele nimewo sa a (800) 356-3036 oubyen kontakte biwo Medical Assistance Customer Center lokal ou a <http://www.state.nj.us/humanservices/dmajs/info/resources/macc/index.html>.

Fanmiy ki pa gen anpil kòb ka aplike pou "Special Medicaid", ki rele Jersey Care, nan biwo County Board of Social Services: www.state.nj.us/humanservices/dfd/programs/foodstamps/cwa/index.html. Medicaid ofri sèvis inik pou moun ki gen divès andikap nan kay ak pwogram egzanpsyón ki baze nan kominate a. Pou plis enfòmasyon sou pwogram egzanpsyón yo, ou ka kontakte Department of Human Resources (DHS), Division of Disability Services nan 888-285-3036. Menm jan an tou, pwogram NJ WorkAbility ofri yon pwoteksyon sante konplè pou moun ki andikap k'ap travay, e ki, a kòz de kantite kòb yo fè, pa kalifye pou Medicaid. Pou plis enfòmasyon sou NJ WorkAbility rele DHS, Division of Disability Services nan 1-888-285-3036.

Titèl (Guardianship): Si ou panse ke pitit ou a ap bezwen asistans pou li egzèse dwa legal li lè li gen laj majè (18 tan), w'ap bezwen konsidere yon titèl pasyèl oubyen konplè ak lòt altènatif li yo avan pitit ou a gen 18 tan. Pou plis enfòmasyon vizite www.ganji.org ak www.plannj.org. Si yon paran bezwen asistans legal, Parent Advocacy Network ki egziste nan tout eta a gen yon lis avoka ki pratike lalwa titèl. (Avoka ki nan lis sa mande pou yo mete yo ladann li, lis sa se pa yon andòsman).

Konsèy Itil: Majorite pwogram pou gramoun mande pou dokiman sante ki resan, e yo ba ou fòm egzamen medikal ke ou bezwen. Pou titèl la, w'ap bezwen fe 2 egzamen medikal 30 jou avan pitit ou a gen 18 tan. Piske anpil doktè gen yon lis datant, ou ka byen planifie pou'm mete randevou avan dèle 30

jou a. Ou ka mande doktè ou, pou li ranpli fòm titèl la, Medicaid la, ak SSI la pandan vizit la (ou ka kopi fòm sa yo sou intènèt).

Si pitit ou a pap aprann kondwi, li ta bon pou'w fè yon kat didantite pou moun ki andikape ki pa kondwi pou li lè li gen 17 tan nan NJ Department of Motor Vehicles(DMV) (www.state.nj.us/mvc/Licenses/NonDriverID.htm). Pou jwenn kat ditantite sa a, w'ap bezwen pote batistè timoun lan, kat sosyal li, kat didantite lekòl li ak tout kanè lekòl li, avèk lòt pyès didantite ki gen foto'l tankou yon kat Child Safety nan DMV. Pitit ou ka itilize kat didantite pou moun ki andikape ki pa kondwi nenpòt lè li bezwen yon prèv didantite.

Lòt Kote ki kapab ede'w pandan tranzisyon benefis sante a:

- ⊕ Special Child Health Services County Case Management Units www.state.nj.us/health/fhs/sch/sccase.shtml or State office at 609-777-7778
- ⊕ Family Support Coalition www.familysupportcoalition.org
- ⊕ Centers for Independent Living www.njsilc.org
- ⊕ NJ Department of Human Services, Division of Disability Services (888) 285-3036, or Division of Developmental Disabilities at (800) 832-9173
- ⊕ Boggs Center resources http://rwjms.umdnj.edu/boggscenter/projects/keep_real_more.html and <http://rwjms.umdnj.edu/boggscenter/products/BeingaHealthyAdultHowtoAdvocateforYourHealthandHealthCare.html>

Yon Nòt Special sou preparasyon pou katastwòf natirèl ak lòt ijans:

Gen anpil bagay ou ka fè pou pwoteje pitit ou pandan yon katastwòf natirèl ak lòt ijans(vizite [www.familyvoices.org/pub/general/Disasters & Emergencies.pdf](http://www.familyvoices.org/pub/general/Disasters_&_Emergencies.pdf)). Genyen biwo rejjonal pou jesyon ijans sou www.state.nj.us/njoem/about/association.html ki la pou ede moun fe bon planificasyon davans. Pa egzanp, ou gendwa bezwen yo dèlko pou lè gen ijans pou ou ka kenbe medikaman yo fre nan frijidè oubyen ekipman medikal yo lè pa gen kouran. Tchetke avèk konpayi kouran an pou wè si yo bay dèlko lè gen yon sitiyasyon ki danjere. Ou gendwa kontakte Emergency Medical Services for Children nan (609) 633-7777. Note byen: DDD kapab ede'w peye pou ekipman medikal yo si asirans ou pa kouvri pri yo.

Resous SPAN sou Tranzisyon an:

- ⊕ Resous tranzisyonel pou moun ki travay lopital (yo ititl pou paran tou) www.spannj.org/keychanges/TransitionResourcesHealthPractitioners.pdf
- ⊕ Champions for Progress-interactive CD for students (work, school, health) www.spannj.org/transition/TransitionCD/start.htm